



16 DAYS OF ACTIVISM AGAINST GENDER-BASED VIOLENCE
16 DÍAS DE ACTIVISMO CONTRA LA VIOLENCIA DE GÉNERO
16 JOURS D'ACTIVISME CONTRE LA VIOLENCE DE GENRE

16 يوم من مكافحة العنف القائم على النوع الاجتماعي

25 November – 10 December

<http://16dayscwg.rutgers.edu>



Anons tèm pou lane 2015 lan

“Lapè andan Kay, Lapè sou latè: fè edikasyon an sekirite pou tout moun !”

Lane 2015 lan fè 24 lane depi program “16 jou aktivite kont violans ki base sou sèks moun” ki te kòmanse nan lane 1991 et ki ap dirije pa enstitisyon ki rele “Center for Women’s Global Leadership”. Genyen plis ke 5,478 òganizasyon, dirijan, gouvènman, ajans nasyonzi epi anpil moun ke nou pa ka konte ki soti nan plis ke 180 peyi sou late ki patisipe nan kanpay la. Ansanm, nou te pote solisyon sou kesyon rasis, seksis, vyolans, omofobi e nou ap travay pou respè dwa moun spesyalman dwa pou moun gen aksè a sèvis santè, dwa pou moun fè pitit. Nou ap travay tou pou mete you fen a militaris ak nan aksyon vyolans ki fèt sou moun akòz sèks li. Sak fè fòs kanpay la epi ki eksplike ke li la ap fèt depi lontan pou jiskounya, se tout kantite milye moun ki patisipe ak nou yo menm jan ak ou menm.

Ane sa a, kanpay 16 jou a ap konsantre sou relasyon ki genyen ant lame ak dwa pou moun ale lekòl nan nan zòn ki gen konfli vyolan, nan kote ki gen you swadizan lapè e nan anvironman edikasyon yo. Anmenmtan tou, kanpay 16 jou a ap kontinye établi you lyen ant lame, ki se you sistèm patriyokal ki gen diskrimasyon ladan li ak inegalite ki baze sou relasyon nou ak pouvwa.

Edikasyon se you byen piblik epi se you dwa imen fondamantal ke atik 26 nan deklarasyon inivèsèl dwa moun rekonèt. Yo itilize dwa sa tou nan anpil konvansyon ak trete nan nivo intènasyonal ak rejional. Men tou, dwa pou moun ale lekòl la konn subi chanjman ak boulevsman politik, ekonomik ak sosyal ki konn fè ke you gwoup moun (spesyalman fanm, jèn fi, moun ki andikape, moun ki attire pa moun ki gen menm sèks ak yo, migrant ak pèp indijèn yo) konn frajil e yo konn gen plis chans pou yo refize yo dwa enpòtan sa a. Doné ki resan yo montre ke preske 38 milyon moun¹ an deplasman nan mond lan et 16.7 milyon moun ki se refijye². Ti fi ay jèn fi yo soufri plis lè gen insèkirite ak kriz. Done ki pi resan yo fè nou wè ke 31 milyon tifi nan nivo prime ak 34 milyon ki debite nan sekondè pa enskri nan you lekòl³. 15 milyon tifi ak 10 milyon ti gason pap janm mete pye yo lekòl⁴. Preske 58 milyon timoun ki gen laj pou al nan lekòl primè gen aksè a ledikasyon, epi pami timoun sa yo, mwaye nan you ap viv nan zòn ki gen konfli.

Pwoteksyon dwa pou ale lekòl nan zòn ki gen lagè yo repose sou repons gouvènman nasyonal yo ak angajman kominote entènasyonal la. Men repons ak angajman sa yo difisil pou jwenn⁵. Dwa pou ale lekòl toujou bloke akòz féblès enfrastrikti yo kòm pa examp insèkirite ak move kondisyon ijyèn nan anvironman lekòl yo, pwogram fòmasyon ki pa adapte e ki pa pran ankant kesyon disparité ant fanm ak gason e kap kontinye propajé steryotip nan kesyon jan an, lajan ki pa sifi pou pèmèt plis moun ale lekòl. Nan lane 2014 la, depans militè te koute 13.8 trilyon dola⁶ e dapre ekspè yo, 26 bilyon dola depanse pou redwi nonm moun ki pa konn li ak ekri nan fen lane 2015 lan⁷. Timoun ak jèn, kelkeswa sèks yo, rankontre plis difikilte akòz de andikap yo, ras yo ak orijin etnik yo, difikilte ekonomik, presyon ke fanmi yo fè sou yo. Akòz de sitiasyon sa yo, anpil konn twouve yo nan peryòd konfli vyolan, apre you katastwòf natirèl ou pandan you ti peyòd lapè⁸. Pwoblèm ti fi yo jwenn konn pi grav toujou: tifi ak jèn fanm konn oblije marye bone oubyen, yo konn fòse yo marye. Maryaj sa yo konn bloke edikasyon yo. Yo konn sibi tou vyolans akòz de sèks yo, kòm pa ekzanp, vyolans seksyèl oubyen abi ke yo sibi nan anvironman oubyen nan fason yap resevwa edikasyon an, diskriminasyon nan enfrastrikti ki disponib yo tankou enstalasyon sanità ki adekwa e san danje. Se konsa. Anpil fanmi chwazi retire tifi yo ak jèn fanm yo lekòl e anpeche yo kontinye edikasyon yo⁹.

Akòz inèkirite ak mank de sekirite ki genyen nan zafè edikasyon e infòmasyon ke nou genyen apati de rezilta etid ki te fèt nan kòmansman lane a, tèm kanpay la lane sa a se **“Soti nan Lapè andan kay la rive nan lapè nan mond lan: fè edikasyon an sekirite pou tout moun”**. Tèm sa rekonèt sitiasyon ke milyon ti fi ak ti gason, jèn fi ak jèn gason, ki chak jou ap gade dwa inivèsèl pou ale lekòl ap pase anba pye akòz : vyolans, mwaye ki manke epi diskriminasyon. Se you devwa pou nou mete aksan sou sitiasyon frajil ti fi ak ti gason, jèn fi ak jèn gason panda 16 jou kanpay lan kap fèt lane sa a.

Anba tèm global sa a, 16 jou kanpay la a ap mandew asosye ak li pou defann dwa a moso ledikasyon epi goumen kont vyolans, diskriminasyon ak inegalite ki chita sou sèks, ras oubyen koulè, relijyon, oryantasyon seksyèl, stati sosyal ak ekonomik ak tout lòt idantikasyon sosyal (prejije). Ou ka komanse panse a kesyon sa “Kisa espas ak aksès a ledikasyon vle di pou ou nan kominote wap viv la, nan peyi oubyen nan rejyonw ». Pandan wap planifye patisipasyon w, ou ka gade kijan lame gen enpak sou edikasyon kit nan moman lapè, pandan lagè, nan kan refijye, sou teritwa indijèn, nan lekòl ak lòt enfrastrikti ki gen rapò ak edikasyon e menm nan lari. Ou ka konsidere tou kijan vyolans ak ranfòsman kapasite lame ka gen enpak sou edikasyon jèn nan peyi ki fenk fè move eksperyans nan zafè lagè sou plizyè fòm li, kijan politik ekstremis leta oubyen sosyete sivil nan you peyi kapab gen enpak sou dwa pou ale lekòl, spesyalman pou tifi. Ou ka konsidere tou kijan depans gouvènman pou achte zam oubyen lòt depans ki gen pou wè ak lame kapab inflyanse lajan pou asire sekirite ak aksè a ledikasyon pou tout moun.

Ki lòt pwoblèm patisipan nan Kanpay 16 jou a kapab abòde?

- Edikasyon ak jistis ki chita sou sèks: Konsekans diskriminasyon sou fanm ak ti fi
- Wôl fanm nan negosyasyon pou lapè, pou konstwi lapè, oubyen nan diplomasi ak nan pozisyon pou decide
- Vyolans ki fèt ak ti zam nan kominote y oak lekòl yo epi ki wô; ti zam sa yo nan vyolans nan koup yo
- Prodiksyon ak komès zam epi ranfòsman lame fas ak èd nan sante piblik, edikasyon ak lòt byen kap ede sosyete a
- Vyolans ke leta oubyen sosyete civil la fè nan lekòl yo ki gen enpak sou dwa pou moun ale lekòl
- Vyolans seksyèl ak enpinite sou timoun lekòl ak jèn yo
- Refize aksè a ledikasyon a tifi ki sibi vyolans seksyèl
- Vilnerabilté ti fi ka ti gason, jèn fi ak jèn gason ke yo refize edikasyon nan kan refijye yo oubyen ak nan kan moun ki deplase yo
- Kontaminasyon anvironman pa operasyon militè ak konsekans yo sou kominote y oak sèvis sosyal yo
- Presans militè nan enstitisyon piblik (lekòl, espas piblik, etc.)
- Agresyon seksyèl nan lekòl oubyen nan lòt enstans akademik yo

RESOUS POU 2015

CWGL ap devlope materyèl e ap prepare dokiman ki ap gen plis enfòmasyon sou tèm lan e sijesyon pou planifye aktivite kanpay lan.

CWGL pral poste dokiman sa yo sou sit entènèt kanpay la plizyè mwa anvan kanpay lan kòmanse. Ou ka ekri nou tou nan email sa (16days@cwgl.rutgers.edu) pou ou mande dokiman yo sou fòm papye. Patisipan yo ka vizite sit entènèt nou kise (<http://16days.cwgl.rutgers.edu>) pou téléchaje kit dokiman ki rele " Fè Aksyon" oubyen pou mande fòm paye dokiman sa yo si yo disponib.

Enskri nan kanpay 16 jou a

Tout moun ki angaje nan aksyon sa yo nan kontèks peyi yo kapab patisipe nan 16 jou kanpay la. Patisipan yo dwe konnen sou kisa e ak moun yo kapab angaje yo: ke se swa gouvènman oubyen kominote e yo, pou chanje positivan enfrastruktir kap ranfòse vyolans ki chita sou sèks moun. Kreye oubyen rantrè nan you kominote, you kanpis oubyen nan you aktivite nasyonal oubyen entènasyonal. Mande dokiman kanpay la, enskri nan lis 16 jou kanpay la oubyen inspire w de kanpay pase yo pou w jwen lide sou ki fòm aktivite ou ka mennen oubyen pou jwen enfòmasyon sou gwoup ki sot nan peyi w kite patisipe nan kanpay pandan lane pase yo. Nou ankourajew itilize hashtag #16days sou rezo sosyo yo.

Pataje pwojè ou yo!

A pati de komansman mwa novanm, sonje voye bay CWGL plan aktivite w yo pou yo ka pibliye yo nan kalandriye kanpay la pou w kapab patisipe nan mouvman kanpay 16 jou a. Ou ka telechaje kalandriye a a pati de lyen sa a: <http://16dayscwgl.rutgers.edu/campaign-calendar>.

Vizite sit entènèt nou!

Si ou bezwen plis enfòmasyon sou kanpay entènasyonal 16 jou a, ou ka vizite sit entènèt sa a: <http://www.cwgl.rutgers.edu/16days/home.html>. Wap jwen foto kanpay lane pase yo sou lyen sa a: <https://www.flickr.com/photos/16dayscampaign>.

Enskri nan lis 16 jou a!

Nou envitew enskri nan list 16 jou aktivite kontre vyolans ki chita sou sèks. Lis sa se you espas ki pèmèt aktivis yo pataje travay yo fè kont vyolans, konstwi patenarya ak lòt aktivis nan mond lan, epi devlope strateji ak sijè pou 16 jou kanpay lan ki fèt chak lane. Ou ka enskri nan lyen sa a: https://email.rutgers.edu/mailman/listinfo/16days_discussion.

Sa ou dwe konnen sou kanpay 16 jou a

Depi ke li fonde nan lane 1991, the Center for Women's Global Leadership ap òganize 16 jou kanpay kont vyolans ki chita sou sèks. Pandan 20 dènye lane yo, kanpay 16 jou te konsakre a defann entèrè epi kòdone travay ki gen rapò ak konbat vyolans ki chita sou sèks swa nan nivo kolektivite yo, nasyonal oubyen entènasyonal. Jou ki se 25 novanm lan (Jounen entènasyonal pou elimine vyolans ki chita sou sèks moun) ak 20 desanm (Jounen dwa moun), te chwazi poutè yo te pèmèt lyen ant elimine vyolans ki fèt anfonksyon de sèks moun ak prisip dwa moun e yo pèmèt nou tou mete aksan sou vyolans ki chita sou sèks moun ki se you vyolasyon dwa moun. Kanpay 16 jou a se you strateji òganize pou mande pou elimine tout fòm vyolans, ke moun, gwoup oubyen enstitisyon nan mond lan, kap fèt sou moun anfonksyon de sèks yo.

RETE Konekte!

16 Days Website: <http://16dayscwgl.rutgers.edu>

Email: 16days@cwgl.rutgers.edu

International Campaign Calendar: <http://16dayscwgl.rutgers.edu/campaign-calendar>

Flickr: <http://www.flickr.com/photos/16dayscampaign>

Facebook: <http://www.facebook.com/16DaysCampaign>

Twitter: [@16DaysCampaign](https://twitter.com/16DaysCampaign)

Norwegian Refugee Council. *Global Overview 2015: People internally displaced by conflict and violence*. May 2015. <http://www.internal-displacement.org/assets/library/Media/201505-Global-Overview-2015/20150506-global-overview-2015-en.pdf>

Internal Displacement Monitoring Center. *Global Figures*. May 2015. <http://www.internal-displacement.org/global-figures>

UNESCO Institute for Statistics. *Gender and Education*. <http://www.uis.unesco.org/Education/Pages/gender-education.aspx>

Education for All Global Monitoring Report (GMR) and UNESCO Institute for Statistics. Policy Paper 14/Fact Sheet 28. *Progress in getting all children to school stalls but some countries show the way forward* June 2014. <http://unesdoc.unesco.org/images/0022/002281/228184E.pdf>

Education for All Global Monitoring Report (GMR). Policy Paper 13. *Aid reductions threaten education goals*. June 2014.

<http://unesdoc.unesco.org/images/0022/002280/228057E.pdf>

Stockholm International Peace Research Institute. *Trends in world military expenditure, 2014 SIPRI Fact Sheet*. <http://www.sipri.org/media/pressreleases/2015/milex-april-2015>

Education for All Global Monitoring Report. Policy Paper 06. *Making Education for All Affordable by 2015 and beyond*. February 2013.

<http://unesdoc.unesco.org/images/0021/002199/219998E.pdf>

Education for All Global Monitoring Report, Policy Paper 10. *Children still battling to go to school*. July 2013. <http://unesdoc.unesco.org/images/0022/002216/221668E.pdf>

UNICEF. *Shattered Lives: Challenges and Priorities for Syrian Refugee Children and Women in Jordan*. June 2013. http://www.unicef.org/mena/MENA-Shattered_Lives_June11.pdf